



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE LWA SOU OGMANTASYON LAJ LA AN VIGÈ
KOUNYE A**

***Pwovizyon an Ap Retire Jèn Laj 16 An Ki Te Komèt Zak Kriminèl yo apati Minwi
nan dat 1 Oktòb soti nan Sistèm Jistis Kriminèl Granmoun yo epi Li Entèdi yo
Loje Jèn Laj 16 ak 17 An yo nan Rikers Island***

***Yo Te Bay Oryantasyon Fiskal Esansyèl, Zouti ak Fòmasyon Planifikasyon yo pou
Pati Ki Konsène sou Plan Lokal yo***

***Pwojè Lwa Bidjè Ane Fiskal 2018 lan Make yon Akonplisman Majè nan Efò
Gouvènè Cuomo Ap Fè pou Asire yon Sistèm Jistis Ki Pi Jis epi Ekitab***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Lwa sou Ogmantasyon Laj lan (Raise the Age) pral rantre an vigè kounye a. Lwa a ap retire jèn ki gen laj 16 an ki te komèt yon zak kriminèl apati minwi jodi a soti nan sistèm jistis kriminèl granmoun yo epi plase yo nan sistèm ki apwopriye pou laj yo kote yo ka resevwa sèvis ki nesèsè yo ak tretman pou ka evite residivis. Jèn laj 16 an sa yo ke yo te arete pou enfraksyon ki pa vyolan yo pral gen menm opòtinite pou divèsyon ak sèvis ki baze nan kominote yo menm jan ak jèn ki gen laj 15 an ak pi piti yo. Pandansetan, yo pral fè pwosè jèn ki gen laj 16 an yo ki kondane pou enfraksyon grav yo kòm delenkan adolesan ki nan yon tribinal kriminèl Pati pou Jèn, epi mete yo nan etablisman detansyon sekirize ki espesyalize pou adolesan yo olye de prizon pou granmoun yo. Lwa a pral elaji rive nan jèn laj 17 an yo nan dat 1 Oktòb 2019.

“Nan yon moman kote Prezidan Trump ak gouvènman federal sa a ap fè nou fè bak, New York ap vanse ak refòm jistis kriminèl enteresan an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan ogmante laj pou responsabilite kriminèl la, New York ap mete yon fen nan yon enjistis ki tonbe yon fason dispwopòsyone sou do moun nwa yo, epi yon lòt fwa ankò li pwouve ke nou se flanbo pwogresis pou nasyon an. Nan New York, nou pa pral janm sispann batay pou yon sosyete ki pi egal ego epi pi jis pou tout moun.”

“New York ap mennen nan nasyon an ak kalandriye pwogresis enteresan nou an, pandan ke administrasyon Trump lan ak Repibliken yo ki nan Washington kontinye menase pwogrè nou ak valè nou yo”, **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap ogmante laj responsabilite kriminèl lan pou retire jèn ki gen laj 16 ak 17 an yo nan sistèm jistis kriminèl granmoun nan epi mete yo nan sistèm ki gen sèvis ak tretman

ki apwopriye yo. Nou te defann koz sa a pou mete fen nan enjistis tretman adolesan yo kòm granmoun yo. Kounye a nou dwe elaji jistis ak ekite pou sila yo ki prezan devan jijman yo senpleman paske yo pa ka peye kosyon. Nou pral kontinye batay pou asire ke moun nwa yo ak moun ki nan kominote ki gen anpil bezwen yo jwenn opòtinite egal ego pou ka viv lavi yo yon fason ki konble.”

Yo te pase pwojè Lwa a nan kad Bidjè ane fiskal 2018 la, e li reprezante yon akonplisman enpòtan pami efò Gouvènè an ap fè pou asire sistèm jidisyè a vin pi jis e pi ekitab.

Enplemantasyon an soti nan travay yon ekip milti-ajans ki gen ladan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS), Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl lan (Division of Criminal Justice Services, DCJS), Komisyon Koreksyon Eta a (state Commission of Correction, SCOC), Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS), Divizyon Bidjè a (Division of the Budget). Ekip lan te travay de prè ak Biwo pou Admistrasyon Tribinal (Office of Court Administration) eta a epi li te bay oryantasyon pou konte lokal yo pou planifikasyon ak ranbousman yo, pwojè kapital ki ap vanse yo, pèsònèl ki ogmante, fòmasyon ke yo te bay, ak règleman ki finalize pou etablisman detansyon lokal yo. OCFS te fè patenarya ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) pou devlope yon apwòch edikatif pou detansyon ak plasman.

Pou mete sou pye Lwa sou Ogmantasyon Laj lan, OCFS ak SCOC te devlope règleman yo ki abòde kondisyon minimòm ki nesèsè yo pou konstwi, mete pèsònèl, opere epi sètifye etablisman detansyon sekirize ki espesyalize yo, ki ap pran an kont kòmantè pati ki konsène yo.

Distribisyon Zouti Oryantasyon ak Planifikasyon Fiskal Lokal yo

Depi lè ke Gouvènè Cuomo te siyen Lwa a, ekip enplemantasyon eta a te kouvri eta a ak enfòmasyon, sipò ak oryantasyon. Ekip lan te devlope gid planifikasyon ak fiskal yo, yo te vizite konte yo, yo te rankontre ak òganizasyon ki baze nan kominote yo, yo te pataje pwojekasyon enfòmasyon yo, epi yo te gide konte yo nan devlope opsyon rejyonal yo pou jèn ki ap antre nan sistèm nan. Ajans yo te fòme ofisye libète kondisyonèl yo epi yo te fè prezantasyon bay chèf egzekitif konte yo, administratè yo, komisè sèvis sosyal yo, avoka yo, administratè sante mantal, fòs lapolis, avoka distrik yo, jij yo, pwofesyonèl rezolisyon dispit yo ak otorite byennèt piblik yo ak asosiyasyon komès yo ki reprezante travayè byennèt konte ak piblik yo.

Gouvènè Cuomo te mande 100 milyon dola pou sipòte Lwa sou Ogmantasyon Laj lan nan diskou Eta Leta 2018 li an, epi li te garanti finansman nan bidjè eta a. Eta New York pral ranbouse konte yo pou 100 pousan depans yo si depans global yo rete pi ba pase limit de pousan an. Konte ki depase limit lan ka resevwa ranbousman konplè si yo demontre difikilte finansye. Finansman an pral sipòte sèvis divèsyon global, libète kondisyonèl, ak pwogramasyon yo pou jèn yo.

Tout fòmilè ki nesèsè yo pou chak konte pou ateste de konfòmite li a limit fiskal, demontre difikilte finansye epi konplete plan fiskal lokal yo pou ranbousman yo disponib sou entènèt.

Ywit Ane Refòm Jistis Jivenil

Lwa sou Ogmantasyon Laj lan ap ajoute sou ywit ane refòm jistis jivenil nan Eta New York, kote pwogram divèsyon ak altènatif ki baze nan kominote yo ap fè kominote nou yo ak eta nou an vin pi sekirize. Arestasyon jivenil yo bese de 22 pousan ane sa a. Depi 2010, arestasyon jèn ki gen laj 16 ak 17 an yo te bese de 62 pousan; detansyon yo te bese de 56 pousan; epi plasman jivenil yo te diminye de plis pase mwatye a. Admisyon libète kondisyonèl jivenil yo te an deklèn de 36 pousan depi 2013 epi kantite ka libète kondisyonèl jivenil ki ouvri yo te bese de 44 pousan depi ane sa a.

Lwa sou Ogmantasyon Laj lan gen ladan tou yon pwovizyon ki te rantre an vigè ane pase, sa ki ap pèmèt moun ki kondane pou kèk krim ki pa vyolan, ki pa seksyèl yo lè yo te jèn yo ka gen rejis yo ki sele si yo kenbe yon rejis ki pwòp pandan 10 ane. Moun ke yo te anprizone yo ka aplike pou gen rejis yo sele 10 ane apati dat liberasyon yo si yo pa te arete yo. Apati dat 31 Dawout 2018, yon total 549 moun te gen rejis ki sele atravè eta a.

Eta New York te etabli tou Enstiti Jistis pou Jèn nan (Youth Justice Institute), yon patenarya ak University at Albany epi ki sipèvize pa yon komite egzekitif ki ko-dirije pa komisè DCJS ak OCFS yo. Enstiti an ap bay fòmasyon pou founisè sèvis jèn piblik ak prive yo pou ke yo ka sèvi pi byen timoun, adolesan ak jèn moun ki gen laj jiska 24 an yo ki enplike nan sistèm jistis kriminel eta a. Enstiti an pral fè tou rechèch pou pwopoze inisyativ prevansyon ak entèvansyon yo ki pral finalman ede redwi depandans sou enkaserasyon, epi entèwonp sikl residivis yo.

Delege pa Enterim OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, “Lwa sou Ogmantasyon Laj lan se yon repons ke yo bezwen anpil pou pwoblèm tretman timoun yo kòm granmoun epi ekspoze yo a etablisman koreksyonèl granmoun yo. Nan sant tretman rezidansyèl nou yo, jèn yo pral resevwa jesyon ka yo, oryantasyon, sèvis sante medikal ak mantal klinik yo, fòmasyon pwofesyonèl ak pou anlwa yo, ak edikasyon. Yo pral bay tout sèvis yo sou plas sou yon modèl swen terapeitik ki te elabore pou reyabilite jèn yo epi mete yo sou wout siksè”.

Komisè Pa Enterim DOCCS lan Anthony J. Annucci te deklare, “Depatman an ap ajoute sou vizyon Gouvènè a pou Ogmantasyon Laj responsabilite kriminel lan nan Eta New York, epi pou bay yon pi bon anviwònman pou delenkan adolesan eta yo. DOCCS ap opere kounye a de etablisman delenkan adolesan epi li kontinye modènize yon twazyèm pou ka loje adolesan sa yo yon fason ki apwopriye, menm jan ak bay pwogram ak sèvis ki baze sou evidans yo pou asiste nan devlopman aptitud sosyal yo pandan ke yo ap prepare yo pou yon tranzisyon fiti pou retounen nan kominote yo”.

Manm Komisè Egzekitif Adjwen DCJS, Michael C. Green, te deklare, “Ogmantasyon laj responsabilite kriminel lan pou rive 18 an se yon chanjman istorik nan Eta New York. Sa se yon opòtinite pou anbrase pi bon pratik yo epi bay evalyasyon, entèvansyon ak sèvis antisipe yo pou ede jèn yo reyisi olye de ekspoze yo a sistèm, enkaserasyon ak prizon granmoun yo. Nou pral kontinye ak efò nou ap fè yo pou travay an kolaborasyon ak patnè lokal yo, ki enkli depatman libète kondisyonèl yo, pou fè tranzisyon sa a pi amonye posib epi ede asire ke tout jèn yo gen opòtinite pou akonpli potansyèl yo”.

Prezidan Komisyon Koreksyon an Allen Riley te deklare, “Depi lè ke yo te adopte Lwa sou Ogmantasyon Laj lan ane pase a, Komisyon an te travay san fatig ak patnè ajans yo ak pati ki konsène yo pou etabli etablisman detansyon jivenil ki sekirize ki espesyalize yo pou jèn ki pi aje yo. Komisyon an te adopte règleman ki ap gouvène konstwiksyon, renovasyon, sètifikasyon, ak operasyon nouvo etablisman sa yo. An plis, Komisyon an ak OCFS te kòmanse sètifye etablisman sa yo epi yo pral sipèvizè epi siveye operasyon yo pou asire ke delenkan adolesan yo jwenn tretman alafwa yon fason sekirize epi ki imen”.

Jij An Chèf lan Janet DiFiore te deklare, “Tribinal Eta New York yo te travay san fatig pou prepare lwa revolisyonè sa a. Nou te kreye epi mete pèsònèl nan nouvo Pati pou Jèn yo, elaji kapasite pou pwosedi Tribinal Familyal yo, espesyalman nan Vil New York, pou adolesan ki pi aje yo ke tribinal pral abòde kounye a, ak aksè ki elaji nan tribinal pou jèn ke yo te arete yo pou asire ke yo pase devan jij ‘majistra aksesib’ tribinal ki fòm espasyaman pou yo ka koute yo rapidman sou sityasyon detansyon yo. An plis, nou te kreye yon nouvo sistèm jesyon ka pou ka kontwole ap prekosyon epi bay enfòmasyon atravè eta a konsènan tout jèn ki afekte pa ogmantasyon laj lan. Jij nou yo ak pèsònèl ki pa jidisyè nou yo byen fòm epi prepare”.

Ekip milti-ajans eta a pral kontinye angaje otorite konte ak lokal yo pou bay oryantasyon ak sipò pou ka fè adopsyon pwojè lwa revolisyonè sa a vin yon reyisit pou gouvènman eta ak lokal yo. Pi enpòtan ankò, Lwa sou Ogmantasyon Laj lan pral pèmèt jèn yo resevwa entèvansyon ak tretman ki nesèsè yo nan sistèm ki apwopriye pou laj ak devlopman yo, ki ap mennen yo sou yon wout pou ka vin sitwayen ki ap kontribiye nan kominote yo.

Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou Lwa sou Ogmantasyon Laj lan:
<https://www.ny.gov/programs/raise-age-0>

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)